

BAB I BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Novél *Pangantén* karya Dédén Abdul Aziz mangrupa karya sastra anu kungsi dilélér Hadiah Sastra Rancagé dina taun 2004. Ieu karya novél téh ditulis dina taun 2001 tur diterbitkeun ku Penerbit Kiblat taun 2003 mangrupa citakan ka-1. Tuluy diterbitkeun deui citakan ka-2 Juni taun 2010, jeung citakan ka-3 Juli 2019. Kekecapan anu digunakeun dina ieu novél mangrupa gaya basa dina taun 2000. Dédén Abdul Aziz salaku sastrawan nu dipikareueus ku urang Cianjur. Ieu karya téh mangrupa karya hadé urang Cianjur anu kudu diapresiasi ku para pamaca di jaman kiwari, sabab ieu karya nembrakkeun conto kahirupan nyata kaalaaman ku tokoh utama nu ngarandapan sababaraha konflik dina dirina. Salian ti novél *Pangantén* karya Dédén Abdul Aziz nu lianna nyaéta aya *Senja dalam Kereta (Sekumpulan Puisi 1991-2004)* dina basa Indonesia, *Ibadah Daun (Kumpulan Sajak)*, novél *Pangantén* dina taun 2003, jeung karya nu panganyarna nyaéta *Kumpulan Carpon Sagagang Simpé* nu midangkeun 29 carpon ditulis antara taun 1995 nepi ka 2014, mangrupa buku kumpulan carpon munggaranna.

Dédén Abdul Aziz salaku sastrawan pituin Cianjur nu ngarojong kana sastra Sunda, dina karya-karyana Dédén Abdul Aziz méré nuansa anu béda dina khazanah sastra Sunda. Dédén Abdul Aziz kungsi nulis sajak, carpon, esai, jeung novél. Karya-karyana ogé kungsi dimuat dina majalah *Manglé* jeung *tabloid Galura*. Dédén Abdul Aziz ogé kungsi nulis dina basa Indonesia, dimuat dina *Pikiran Rakyat*, *Republika*, *Media Indonesia*, *Suara Pembaharuan*, jeung majalah *sastra Horison*. Ayeuna Dédén Abdul Aziz jadi koréspondén *Témpo*. Saupama ditilik tina segi sosial, ieu novél *Pangantén* mangrupa gambaran kahirupan nu nyaritakeun kaayaan jalma ngarandapan sababaraha konflik, boh konflik sacara internal, boh konflik sacara éksternal.

Hirup moal satuluyna aman saupama urang boga masalah anu karandapan. Masalah dina kahirupan tangtu aya jalan kaluarna, sangkan bisa matotoskeun éta masalah, urang salaku manusa kudu bisa néangan solusi anu merenah. Tiap

manusa miboga kapribadian anu béda-béda nalika ngarandapan hiji pasualan tangtu boga cara séwang-séwangan dina matotoskeunana (Yoanita, 2010). Nurutkeun Ahmadi dina (Rini Agustina, 2015) konflik bisa muncul tina dua penyebab, anu kahiji, lantaran kaleuwihan beban, anu kadua kusabab teu saluyu jeung peran hiji jalma dina ngalaksanakeunana. Nurutkeun Emzir jeung Rohman (Mulia Citra Dewi, 2019) konflik sumberna ti manusa. Konflik lain sakur masalah manusa jeung papada jalma, tapi bisa ogé kajadian antara manusa jeung alam ogé manusa jeung batinna sorangan. Nurutkeun Diana (2016) konflik batin timbul tina diri séwang-séwangan, utamana nalika hiji jalma ngarandapan atawa milih dina dua atawa sababaraha kamungkinan nu ngadorong tindakan atawa dasar pamikiran hiji jalma. Konflik batin réa pisan karandapan dina kahirupan manusa, boh sacara internal, boh sacara éksternal. Ieu konflik batin bisa mangaruhan kana aspék psikologis hiji jalma. Sangkan ieu konflik téh teu mangaruhan kana aspék psikologis, kudu aya sababaraha hal anu bisa nyingkahan éta pasualan téh. Biasana éta pasualan-pasualan sok kapanggih dina karya sastra.

Nurutkeun Sudjiman dina (Sedana, Putra, & R, 2017) tokoh nyaéta palaku anu nyebabkeun ayana peristiwa, sedengkan penokohan nyaéta kumaha pangarang ngagambarkeun atawa mekarkeun watek palaku dina caritana. Esten dina (Sedana et al., 2017) tokoh utama nyaéta tokoh anu jadi peran utama dina hiji carita novél. Ieu hal saluyu jeung pamadegan Sadikin (2011) anu nétélakeun yén dina karya sastra tokoh utama nyaéta tokoh anu pangpentingna dina mawa peranan .

Nurutkeun Gazali dina (Pradopo, 2003) sastra nyaéta tulisan atawa basa anu éndah, bisa ngahasilkeun ciptaan basa jeung geterna jiwa dina wangun tulisan. Sastra mangrupa salasahiji wangun hasil cipta karya manusa anu ngagunakeun basa jadi médiana. Ieu hal téh saluyu jeung pamadegan Sapardi Djoko Damono dina (Isnendes, 2010, kc. 4) anu nétélakeun yèn sastra mangrupa hiji lembaga sosial nu ngagunakeun basa salaku medium ciptana. Basa mangrupa bahan pikeun ngawujudkeun wangun sastra. Sastra ngagunakeun basa ku cara anu unik, ngabalibirkeun basa sacara sistematis tina omongan sapopoè. Basa sastra mangrupa basa anu dijieun jadi “*asing*” ku kituna dunya sapopoè jadi henteu *familiar* (Eaglaton, 2007, kc. 4). Sastra mangrupa hasil kreativitas pangarang nu sumberna ti manusa boh sacara langsung boh sacara teu langsung (Winarni dina

Sudigdo, 2014). Sastra mangrupa gambaran kahirupan dunya anu nyata, tina sastra urang bisa ngabuktikeun yén masalah-masalah anu karandapan di dunya bisa diéksprésikeun ngagunakeun basa anu éndah, nyaéta hasil karya sastra téa. Karya Sastra anu aya pakaitna jeung masarakat salasahijina nyaéta novél.

Nurutkeun Nurgiyantoro (2010) novél minangka hiji karya fiksi nu ngawengku hiji dunya nu eusina ngeunaan model kahirupan ideal, dunya anu imajinatif nu diwangun ngagunakeun sababaraha unsur intrinsik saperti kajadian, tokoh, alur, plot, latar, jeung sudut pandang. Péso anu digunakeun pikeun nganalisis éta pasualan téh ngagunakeun pamarekan struktural. Nurutkeun Koswara (2013, kc. 13) struktural atawa strukturalisme asalna tina kecap “struktur”, nu miboga harti ayana hubungan anu tetep antara kelompok-kelompok, gejala, atawa unsur (élémén), éta hubungan téh digelar ku panalungtik hasil tina panalungtikanana. Anapon nurutkeun Isnendes, spk (2018, kc. 74) strukturalisme nyaéta pamarekan anu dilarapkeun kana karya sastra tur miboga sipat otonom. Hartina, salasahiji cara pikeun maham jeung ngainterprétasi hiji karya sastra anu miboga struktur pangwangun anu gembleg. Pamarekan struktural nu bisa dilarapkeun dina karya sastra novél atawa roman. Stanton (2012) ngabagi unsur pangwangun novél jadi tilu bagian, nyaéta téma, fakta carita (alur, tokoh/palaku, jeung latar), jeung sarana sastra (puseur impengan, gaya basa, suasana, simbol-simbol, imaji, jeung judul).

Salian ti ngamanusakeun dirina dina nyumponan pangabutuhna, pasualan-pasualan anu patalina jeung konflik psikologis, saperti kaleungitan hiji jalma anu dipikacinta tur dipikadeudeuh (boh kulawarga, boh jalma séjén) bisa ngabalukarkeun hirupna atawa dunyana robah sacara tiba-tiba. Loba anu ngarasa hirupna teu adil, ngarasa yén dirina teu dipikayang jeung teu dipikacinta, teu bisa ngaéksprésikeun diri saluyu jeung anu dipikahayangna, tuluy ngarasa yén manéhna teu boga deui tempat nyalindung pikeun kahirupanana, malah nepi ka ngarasa kaleungitan dirina sorangan, jeung masalah-masalah anu réa karandapan.

Éta kasus téh kapanggih jeung digambarkeun dina karya sastra. Salasahiji contona nyaéta karya sastra novél. Salian ti wanguna anu panjang, novél ogé bisa nembrakkeun jeung nepikeun gagasan anu leuwih jembar ogé teleb. Dina eusi novél, Dédén Abdul Aziz ngaéksprésikeun karya anu hadé najan konflik dina

masalahna kaitung beurat. Konflik anu karandapan ku tokoh utama nyaéta Rinrin lain konflik anu biasa, sabada ditinggalkeun maot ku jalma anu dipikadeudeuh tur dipikacinta nyaéta Gumilang, Rinrin ngarandapan sababaraha konflik psikologis.

Pikeun medar konflik psikologis nu karandapan ku Rinrin sabada ditinggalkeun maot ku Gumilang, tangtu diperlukeun pamarekan. Dina ieu hal nyaéta tiori anu cocog pisan pikeun nganalisisna. Tiori anu raket pisan jeung masalah psikologi téh nyaéta psikologi sastra. Nurutkeun Endraswara dina (Minderop, 2013) psikologi sastra téh mangrupa kajian interdisiplinér antara psikologi jeung sastra. Dina nyangkem jeung ngajéntrékeun tiori psikologi téh aya tilu léngkah, nyaéta:

- 1) ngaliwatan pamahaman tiori-tiori psikologi, anu satuluyna ngalakukeun analisis kana hiji karya nu dipilih;
- 2) nangtukeun objék karya sastra anu rék digunakeun dina panalungtikan, tuluy milih tiori nu cocog jeung relevan saluyu jeung objék anu rék ditalungtik;
- 3) sacara simultan éta tiori dilarapkeun kana objék karya sastra.

Psikologi sastra nilik kana karya sastra salaku aktivitas jiwa pangarang, nu ngagunakeun citpa, rasa, jeung karsa nalika leupas tina ngolah batinna séwang-séwangan (Suprpto, Andayani, & Waluyo, 2014). Nurutkeun Ratna (2013) tujuan tina psikologi sastra nyaéta maham kana aspék-aspék kajiwaan anu aya dina hiji karya sastra. Aya tilu cara pikeun maham hubungan antara psikologi jeung sastra, diantarana waé: 1) maham kana unsur-unsur kajiwaan pangarang salaku panulis; 2) maham kana unsur-unsur kajiwaan tokoh-tokoh fiksional; 3) maham unsur-unsur kajiwaan pamaca. Dumasar kana wangenan psikologi jeung sastra, bisa dicindekkeun yén psikologi téh mangrupa disiplin élmu nu nalungtik manusa dina sagala paripolah salaku objék, sedengkeun sastra nilik kana manusa salaku sumber caritanana. Sanajan antara psikologi jeung sastra mangrupa disiplin élmu anu béda, tapi dina panalungtikan atawa nganalisis hiji karya sastra mangrupa dua paélmuan anu bisa dilarapkeun babarengan.

Anapon ieu tujuan panalungtikan téh pikeun dijadikeun conto, boh keur mahasiswa anu maca, atawa masarakat sangkan bisa matotoskeun masalah anu karandapan. Utamana pikeun anu ngarasa miboga konflik psikologis dina dirina, yén sakabéh masalah tangtu aya jalan kaluarna. Sagala masalah anu karandapan

tangtu miboga solusi pikeun matotoskeunana, sabab sagala rupa hal ogé kudu bisa dilakonan, ulah gampang putus harepan. Allah ogé moal méré masalah di luar kamampuanana, jadi sagala rupa masalah gé bisa dibereskeun. Ku kituna, ieu panalungtikan ogé miharep ka nu maca sangkan bisa leuwih teleb kana maksud anu nyamuni.

Aya sawatara panalungtikan nu kungsi dilakukeun tur ngulik perkara novél *Pangantén*, struktural, jeung psikologi humanistik, hususna dina karya sastra Sunda. Kahiji, panalungtikan *Sawangan Psikoanalisis Kana Novél Pangantén karya Déden Abdul Aziz* (Andriany, 2005). Kadua panalungtikan *Kalimah Wawaran Jembar dina novél Pangantén karya Déden Abdul Aziz* (Eulis Nining, 2007). Katilu *Kecap dina novél Pangantén Karangan Déden Abdul Aziz* (Mulyadi, 2006). Kaopat *Konflik Psikologis Tokoh Utama dina Novél Budak Teuneung karya Samsodi (Ulukan Struktural jeung Psikologi Perkembangan)* medar ngeunaan konflik anu karandapan ku tokoh utama nyaéta Warji, sabada ditinggal maot ku Bapana. Warji nu jadi budak yatim téh ngarandapan sababaraha konflik dina kahirupanana, ngagunakeun tiori psikologi perkembangan. (Alamsyah, 2020). Kalima *Carita Silat Anjar Karya Achmad Rustandi (Ulukan Strukturalisme jeung Psikologi Humanistik)* ieu judul anu kungsi ditalungtik ku Purnamawati (2017) medar ngeunaan psikologi sastra anu aya hubunganana jeung teori kebutuhan bertingkat, dina tiorina kawilang sarua sanajan objék panalungtikanana béda. Tuluy kagenep, judulna *Dunia Remaja Dalam Roman Pangantén Karya Déden Abdul Aziz. Sebuah Kajian Sosiologi Sastra* panalungtikan hasil ti mahasiswa UNPAD (Rachmawati). Katujuh, panalungtikan ti mahasiswa STKIP Muhammadiyah Kuningan nu judulna *Ulukan Struktural Jeung Feminisme Dina Novél Pangantén Karya Déden Abdul Aziz* bédana ieu panalungtikan ditilik tina ulikanana nu ngagunakeun kajian féminisme (Juharni, N. 2016). Tuluy Kadalapan nyaéta skripsi nu judulna *Ulukan Struktural jeung Psikologi Sastra dina Naskah Drama Sémah Saduran Rosyied E ABBY* (Tubagus Panji, 2020). Kasalapan judulna *Karakteristik Tokoh-tokoh dina Novél Budak Minggat karya Samsodi Pikeun Bahan Pangajaran Novél di SMP Kelas IX (Ulukan Struktural jeung Psikologi Sastra)* (Tegas Resta, 2020). Kasapuluh judulna *Kapribadian Tokoh Nu Aya Dina Carita Film Cakra Buana Karya Massimo*

Burhanuddin (Ulukan Struktural jeung Psikoanalisis) (Revi Dwiyanti, 2019). Ku kituna, panalungtikan ngeunaan *Konflik Batin Tokoh Utama dina Novél Pangantén karya Dédén Abdul Aziz (Ulukan Struktural jeung Psikologi Kapribadian Humanistik)* perlu dilaksanakeun.

1.2 Rumusan Masalah

Masalah anu dirumuskeun dina ieu panalungtikan nyaéta ieu:

- 1) Kumaha struktur carita novél *Pangantén* karya Dédén Abdul Aziz?
- 2) Kumaha konflik psikologis nu karandapan ku tokoh utama dina novél *Pangantén* karya Dédén Abdul Aziz?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Sacara umum ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun maluruh konflik psikologis tokoh utama dina novel *Pangantén* karya Dédén Abdul Aziz tuluy maluruh ogé ngeunaan sabab jeung balukar tina konflik psikologis éta.

1.3.2 Tujuan Husus

Ieu panalungtikan miboga tujuan husus, nyaéta:

- 1) pikeun ngadéskripsikeun jeung nganalisis struktur carita dina novél *Pangantén* karya Dédén Abdul Aziz;
- 2) pikeun ngadéskripsikeun jeung nganalisis wangun-wangun konflik psikologis nu karandapan ku tokoh utama dina novél *Pangantén* karya Dédén Abdul Aziz.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat tina Segi Téoritis

Sacara teoritis ieu panalungtikan dipiharep mampuh méré sumbangan dina kamekaran Sastra Sunda, hususna dina élmu psikologi sastra.

1.4.2 Mangpaat tina Segi Praktis

Panalungtikan ngeunaan “Konflik Batin tokoh Utama dina novel *Pangantén* karya Dédén Abdul Aziz” dipiharep bisa mantuan pamaca, boh éta mahasiswa, boh masarakat umum, utamana ngeunaan karakter psikologis nu bisa mangaruhan kana individu hiji jalma.

1.4.3 Manfaat tina Segi Kawijakan

Mangpaat segi kawijakan tina ieu panalungtikan, dipiharep bisa jadi implikasi anu hadé pikeun anu maca, hususna masarakat anu ngarasa yén dirina miboga konflik anu karandapan sangkan teu putus harepan. Sabab sagala rupa ogé tangtu aya jalan kaluarana pikeun ngaréngsékeunana.

1.4.4 Manfaat tina Segi Isu jeung Aksi Sosial

Sacara isu jeung aksi sosial, mangpaat tina ieu panalungtikan téh dipiharep jadi bahan bacaan ngeunaan konflik psikologis jeung kabutuhan bertingkat dina nyumponan kahirupan pikeun mahasiswa atawa masarakat sangkan bisa leuwih ngarti kana masalah-masalah anu karandapan.

1.5 Raraga Tulisan

Ieu panalungtikan disusun kabagi jadi sababaraha bab, sakumaha ieu di handap.

Bab I Bubuka. Eusina ngeunaan kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah, tujuan panalungtikan anu dibagi dua; aya tujuan umum jeung tujuan husus, mangpaat panalungtikan nu dibagi jadi opat; mangpaat tina segi tiories, mangpaat tina segi praktis, mangpaat tina segi kawijakan, mangpaat tina isu jeung aksi sosial, sarta raraga tulisan.

Bab II Ulikan Tiori. Dina ulikan tiori aya sababaraha tiori anu diguar nyaéta ngeunaan novél, tiori struktural Robert Stanton, tiori kapribadian humanistik Abraham Maslow, jeung konflik-konflik anu jadi pertanyaan luyu jeung objék kajian panalungtikan. Salian ti éta diguar ogé panalungtikan saméméhna jeung raraga mikir anu ngarojong kana ieu panalungtikan.

Bab III Méthode Panalungtikan. Dina bab III dipedar ngeunaan méthode panalungtikan nu diwincik deui jadi desain panalungtikan, data jeung sumber data, cara ngumpulkeun data, jeung analisis data.

Bab IV Hasil jeung Pedaran. Dina ieu bab dipedar ngeunaan hasil jeung pedaran analisis data nu patali jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, katut tiori-tiori dina Bab II.

Bab V Kacindekan, Implikasi, jeung Rékomendasi. Dina ieu bab medar ngeunaan kacindekan tina hasil analisis panalungtikan. Implikasi jeung

rékomendasi pikeun nu maca. Kacindekan mangrupa jawaban tina daptar pertanyaan nu aya dina rumusan masalah. Implikasi jeung rékomendasi ditujukeun ka nu nyieun kawijakan, ka nu ngagunakeun éta hasil, jeung ka para panalungtik lianna nu rék nalungtik masalah nu sarua.